

1-KISA KI DEKLARASYON PATRIMWÀN NAN ?

Se yon fòmalitye ki mande pou moun ki nan kèk pòs enpòtan nan Leta vin deklare tout sa yo posede lè yo antre ak lè yo kite pòs la.

Se lwa 12 fevriye 2008 la ki prevwa sa, nan lide pou konbat koripsyon, pou moun pa vin rich yon sèl kou sou do Leta.

Atik. 2 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.



2- KI KATEGORI MOUN KI DWE FÈ DEKLARASYON PATRIMWÀN YO ?

- Prezidan Repiblik la, Premye Minis, Minis, Sekretè Deta, Direktè Jeneral ak Direktè Jeneral adjwen ak tout manm kabinè yo, Sekretè Jeneral laprezidans, Sekretè Jeneral konsèy minis yo ak Sekretè Jeneral primati, gwo manm nan diplomasi a, Delege ak Visdelege;
- Senatè ak Depite;
- Jij enstriksyon, Komisè gouvènman, Jijdepè.
- Konseye ak Verifikatè CSCCA yo, Pwotektè sitwayen an, Konseye ak Direktè Jeneral KEP a ak manm biwo depatmantal ak kominal yo, Rektè ak Visrektè UEH la, Dwayen ak Visdwayen, Sekretè Jeneral fakilte leta yo. ;
- Reprezantan kolektivite tèritoryal yo tankou Majistra, Kazèk ak Azèk yo.
- Òdonatè ak Kontab piblik yo;
- Manm konsèy administrasyon ak antrepriz piblik yo tankou BRH, BPH, BNC;
- Tout manm Lapolis ak Lame, Enspektè oubyen Anketè DGI, AGD, UCREF, CONALD, ULCC yo, manm CNMP yo;
- Tout lòt moun lalwa mande espesyalman.

Atik. 7 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn



3- KI DELÈ LALWA BAY POU FÈ DEKLARASYON PATRIMWÀN NAN ?

30 jou aprè moun nan fin antre nan pòs la, 30 jou aprè li kite pòs la.

Atik. 8 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.



4- KÒMAN YON MOUN KA FÈ DEKLARASYON PATRIMWÀN LI ?

Moun nan ap ranpli yon fòmilè espesyal ULCC prepare. Lap jwen fòmilè sa a nan ULCC osinon nan grèf Tribinal Premye Enstans kote l ap viv la. Lè li fin ranpli l, l ap bay notarye l epi li pra l depoze l nan grèf Tribinal Premye Enstans lan.

Gen ajan ULCC ki la pou ede moun ki gen difikilte pou ranpli fòmilè a.

Atik. 3, 13, 13.1 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.



5- KIJAN DE BAGAY KONSÀ POU YON MOUN METE NAN DEKLARASYON PATRIMWÀN LI ?

Moun nan dwe deklare tout sa li posede tankou: kay, tè, machin, biznis, bijou ki koute chè, kont labank, elatriye. Li dwe deklare dèt li genyen tou.

Si yon moun bay manti lè l ap fè deklarasyon patrimwàn li, lajistis ap pouswiv li pou fo ak izaj fo. L ap pran prizon pou sa.

Atik. 11 - 12 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.



6- AK KI PYÈS YON MOUN DWE MACHE LÈ L AP VIN FÈ DEKLARASYON PATRIMWÀN LI ?

Pyès idantite, papye kay, dokiman ki gen rapò ak labank, papye ki gen rapò ak envestisman nan biznis oubyen nan mache bousye, papye machin, patant, kontra kay, kontra kòb prete, kontra dèt, ak tout lòt prèv sou sa moun nan genyen oubyen dwe.



7- E KONSÈNAN SEKRÈ KI DWE GENYEN NAN ENFÒMASYON SOU PATRIMWÀN KONSÈNE YO ?

Si yon ajan ULCC oubyen yon grefye mete enfòmasyon ki nan deklarasyon patrimwàn yon moun deyò san otorizasyon l, l ap pran ant yonn (1) ak twa (3) lane prizon epi l ap peye yon amand ant 250 000 ak 500 000 goud.

Atik. 19 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.



8- KI SANKSYON LALWA PREVWA POU YON KONSÈNE KI PA FÈ DEKLARASYON PATRIMWÀN LI ?

ULCC ap fè retire 1/4 nan salè konsène a jouk li pwouve li fè deklarasyon patrimwàn li. Si li kite fonksyon an san li pa ranpli fòmalitye sa a, lajistis ka kondane l pou l pa ka ni vote ni kandida ni vin manm jiri, ekspè oubyen temwen nan tribinal ni pote zam ni okipe gwo pòs nan Leta.

Gen kèk lòt sanksyon espesyal lalwa prevwa.

Atik. 16 - 18 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.



9- E KONSÈNAN BRIGAD VERIFIKASYON AK SIVEYANS PATRIMWÀN ULCC GENYEN AN ?



Nenpòt konsène ka mande yon sètifika deklarasyon patrimwàn nenpòt lè.

Wòl Brigad verifikasyon ak siveyans patrimwàn nan se mennen ankèt sou tout deklarasyon patrimwàn yo. Si Brigad la dekouvri konsène a te bay manti, li pa p jwenn sètifika deklarasyon patrimwàn nan epi ULCC ap mande lajistis pouswiv li pou fo ak izaj fo.

Atik. 17 Lwa 12 fevriye 2008 la sou deklarasyon patrimwàn.


Première édition de la Journée de déclaration de patrimoine à l'ULCC

28 février 2023



Déclaration patrimoniale se yon obligasyon
legal pou anpil pèsonalite nan Leta.
Pa neglije fòmalitye sa.

Rele nan **28 11 0661** pou lis detay.



Unité de Lutte Contre la Corruption
(ULCC)

Sa w dwe konnen sou deklarasyon patrimwàn

